



Pou Piblikasyon Imedya: 21/03/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 3 MILYON DOLA POU SANT POU ETID PÒTORIKEN NAN HUNTER COLLEGE AK ENSTITI ETID DOMINIKEN NAN CITY COLLEGE

Enstitisyon yo pral resevwa finansman sa a pou sipòte operasyon ak inisyativ k ap kontinye yo pou prezève kilti ak istwa Nouyòkè Latino yo

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Sant pou Etid Pòtoriken (Center for Puerto Rican Studies) nan Hunter College ak Enstiti Etid Dominiken (Dominican Studies Institute) nan City College pral resevwa 3 milyon dola pou sipòte operasyon ak inisyativ k ap kontinye yo nan enstitisyon pa yo pou prezève kilti ak istwa Nouyòkè Latino yo. Gouvènè a te fè anons la nan Resepsyon Gouvènè SOMOS la nan Albany.

"Isit la nan New York, divèsite nou se fòs nou, Epi nan mitan sa a se enpak Nouyòkè Latino yo genyen sou eta nou an", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Soti nan mizik ak manje rive nan atizay ak dans pou rive nan syans ak medsin, tout pi bon bagay nan New York te chanje pou vin pi bon akòz kontribisyon sa yo. Mwen fyè pou m anonse finansman sa a pou sipòte efò Hunter College ak City College pou kontinye rakonte istwa sa yo epi transmèt kilti a pou jenerasyon k ap vini yo."

Sant pou Etid Pòtoriken nan Hunter College (Centro) te fonde pa yon gwoup etidyan, pwofesè ak aktivis kominotè an 1973 pou asire yo prezève istwa Nouyòkè Pòtoriken yo. Jodi a li rete pi gwo enstiti rechèch ki baze sou inivèsite, bibliyotèk, ak achiv ki dedye ak eksperyans Pòtoriken nan Etazini. Fonde an 1992, Enstiti Etid Dominiken nan City College (Dominican Studies Institute at City College, CUNY DSI) se premye enstiti rechèch ki baze nan inivèsite nan peyi a ki konsakre nan etid desandan Dominiken nan Etazini ak lòt pati nan mond lan.

Manm Asanble Eddie Gibbs, te deklare, "Pandan n ap rasanble pou Konferans SOMOS 2023 a, n ap selebre tèm 'Eksplwate Pouvwa Divèsite Nou an' (Harnessing the Power of Our Diversity). Mwen enpasyon pou mwen diskite sou solisyon ki adrese pwoblèm ki gen rapò ak kominote Latino New York la epi mwen bat bravo pou angajman 3 milyon dola Gouvènè Hochul pran anvè Sant Etid Pòtoriken an nan Hunter College ak Enstiti Etid Dominiken nan an City College. Li pral gen yon enpak siyifikatif sou lavi etidyan yo ak kominote Latino a nan yon sans elji."

Manm Asanble Karines Reyes te deklare, "Envestisman Gouvènè Hochul nan enstitisyon enpòtan sa yo pral asire prezèvasyon eritaj Latino New York la. Prezèvasyon sa a pral pèmèt Nouyòkè ki gen tout laj ak tout orijin jwenn yon pi gwo konpreyansyon sou kilti dinamik kominote nou an. Mwen bat bravo pou Gouvènè a pou angajman li anvè tout Nouyòkè yo, sitou travay li nan sipòte Nouyòkè ki gen desan Ispanik yo."

Manm Konsèy Vil New York la, Diana Ayala, te deklare, "Pòtoriken ak Dominiken yo konpoze kèk nan pi gwo gwoup imigran nan Vil New York epi anons Gouvènè Hochul te fè nan SOMOS demontre angajman li anvè kominote nou yo k ap pwospere. Sant pou Etid Pòtoriken an nan Hunter College ak Enstiti Etid Dominiken an nan City College prezève istwa rich kominote sa yo epi finansman sa a pral asire ke jenerasyon kap vini yo ap kontinye kapab etidye pati konplè sa a, men ki souvan neglije, nan istwa Ameriken an."

###

Lèt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418